

DEKLARASYON PLATFÒM REJYONAL POU EDIKASYON JENN AK GRANMOUN NAN KAD PREPARASYON CONFITEA VII LA

ANALIZ AK PWOPOZISYON POU YON NKONSILTASYON SOUREJYONAL NAN AMERIK LATIN AK KARAYIB LA SOU WOUT CONFITEA VII LA

“POU YON EDIKASYON POU LAVI MIYÒ

Nan kad preparasyon CONFITEA VII la, Platfòm Rezo Rejyonal pou EJG a ki fòm ak Asosiyasyon Latinowameriken pou Edikasyon ak Kominikasyon Popilè (an panyòl : ALLER), Konsèy Edikasyon Popilè nan Amerik Latin ak Karayib la (an panyòl : CEAAL), Kanpay Latinowameriken pou Dwa Moun pou yo Jwenn Edikasyon an (an panyòl :CLADE), Federasyon Entènasyonal lafwa ak Lajwa (FFyA), Konsèy Entènasyonal Edikasyon Granmoun (ann Angle : ICAE), Rezo Edikasyon ant Fanm nan Amerik Latin ak Karayib la (an panyòl : REPEM), chita sou baz yon angajman istorik ak yon angajman moral pou ekite ak enklizyon. Li tabli sou baz travay nan tètansanm ant òganizasyon edikatif, òganizasyon popilè ak òganizasyon sosyal yo apati esperyans, rechèch ak pwopozisyon k ap fèt sou Edikasyon Jenn ak Granmoun nan (EJG) epi apati yon apwòch ki makònen ak patisipasyon aktif ak yon ansanm pwopozisyon ki rive posib gras a òganizasyon yon seri evènman nasyonal kou evènman entènasyonal sou dwa moun pou yo jwenn edikasyon an e ki chita sou do yon ansanm òganizasyon ak patnè ki pataje menm konviksyon e ki te potekole nan Konvokasyon vènman” Konsiltasyon sourejyonal nan Amerik Latin nan pou Preparasyon CONFITEA VII la” ki fèt nan dat 28, 29 ak 30 Jen 2021 an e kote yo prezante divès rekòmandasyon ki vin ann apre yo :

DE MO POU KÒMANSE

- 1- Edikasyon jenn ak granmoun nan gen yon istwa ki long nan peyi Amerik Latin nou yo, sa kòmanse depi nan edikasyon kominotè, edikasyon popilè ak edikasyon lavi diran an ki te la pou yo kore revandikasyon moun yo – fanm kou gason – genyen pou yo jwi dwa pou yo jwenn edikasyon an kòm yon lòt repons yon sosyete kont yon seri politik ki te bay edikasyon eskolarizant lan priyorite : edikasyon tradisyonèl ti gwoup moun privilejye yo. EJG a ale pi lwen lontan pase eskolarizasyon oubyen edikasyon fòmèl la, li se yon mòd edikasyon ki gen kòm fondasyon : lavi nan kominote yo, nan sant pwodiksyon yo, nan egzèsis kalite sitwayen an, eks. Nan XXI^{èm} syèk sa a, yo pa ka kontinye konsidere l kòm yon lòt opsyon, kòm yon lòt altènatif anplis oubyen kòm yon sipò pa rapò ak sistèm tradisyonèl la, kon sa, EJG a se yon modèl ki makònen ak evolisyon lavi a menm.
- 2- EJG a gen yon gwo valè sosyal e li se yon dwa moun ki fondalnatal, yon dwa ki egzijib e ki chita sou yon kesyon jisitis, se li menm ki ka fasilite moun yo jwi tout lòt dwa fondalnatal ak libète fondalnatal yo. EJG a se yon pyès enpòtan pou li favorize diyite, ekite ak egalite, patisipasyon nan koze politik yo ansanm ak jwisans dwa ekonomik, dwa

sosyal ak dwa kiltirèl yo. EJG a la pou li pèmèt rapò san fòskote tabli ant fanm ak gason nan sosyete a, pou li fè pwomosyon pou kalte relasyon ki chita sou lapè ak relasyon konstrikatif ant pèp yo ak moun yo epi nan mannyè y ap byen itilize enfòmasyon nimerik yo. Mete sou sa, EJG a kapab ede nan fè faskare devan kriz yo ak modèl chanjman sosyete jounen jodi a nan lide pou n rive konstwi lòt modèl sosyete ki gen kòm sèl objektif prensipal: lavi miyò. Nan kad ajanda 2030 sou Objektif Devlopman Dirab yo, EJG a gen yon wòl enpòtan pou li jwe nan pèmèt yo rive reyalize 17 gran objektif sa yo ansanm ak tout lòt bi ki mache avè yo a, tankou reyalizasyon ODD 4 la ki sou edikasyon an pi espesyalman ansanm ak ODD 5 lan ki sou koze relasyon san fòskote ant fanm ak gason nan sosyete nou yo.

- 3- EJG a pèmèt nou wè tout kalte inegalite ak diskriminasyon ki egziste nan peyi Amerik Latin nou yo, e bann kriz sivilizasyon manchlong n ap viv kounye a la a vin angrave sityasyon tètchaje sa yo pi rèd. Yon sityasyon tout moun ka konstate, se popilasyon moun k ap viv nan kondisyon kote y ap viktim tout fòm diskriminasyon yo ki plis pa jwi dwa yo genyen pou yo jwenn EJG a, n ap pale de : medam yo, pèp endijèn yo, pèp otoktòn yo, moun ki gen yon andikap, moun ki pa gen tout libète yo, granmoun ki gen anpil laj yo ak popilasyon LGBT yo.
- 4- Pwoswis preparasyon CONFITEA VII la kwaze avè nou nan yon moman espesyal nan listwa modèn nan, kote limanite oblije fè faskare devan yon bann gwo defi. Kriz epidemi mondyal ki pwente sou nou la a lonje dwèt oubyen vin angrave yon pil kriz ki te egziste deja e li fè kriz sibvilizasyon ki la a parèt aklè devan nou, menm jan ak konsekans politik neyoliberal yo ansanm ak modèl devlopman 1 yo. E mete sou sa, kriz sa yo vin fè sityasyon povrete, sityasyon inegalite ak sityasyon esklizyon an vin angrave. Kon sa tou, li demontre gen yon mank politik piblik ki ta la pou fè vin gen bon jan kondisyon pou garanti egzèsis ak jwisans ansanm dwa moun yo san mank, espesyalman : dwa pou moun jwenn sante, dwa pou moun jwenn edikasyon, dwa pou moun jwenn manje, dwa pou moun jwenn travay onèt ak dwa pou moun sèvi ak NTK yo.
- 5- Onz (11) lane apre reyalizasyon CONFITEA VI ki te fèt nan Belèm, Brezil (2009), nou konstate ansanm angjman patisipan yo te dakò pran nan Kad Aksyon Belèm nan rete kwoke yon kote, sèlman, nou jwenn gen ti pwogrè ki fèt kèk kote e nan kèk domèn, men, majorite nan pwogrè sa yo poko pote gwo rezilta e sa pa rive chanje politik piblik yo, estrateji ansanm ak aksyon ki makònen plizyè enstitisyon yo. Se menm jan an tou, nou remake EJG a ki yon dwa moun fondanatal, poko janm ka jwenn konpreyansyon ak rekonesans li merite nan sans sa a, kòm yon mwayen kle ki ap itil nan reyalizasyon Objektif Devlopman Dirab (ODD 4) la e kòm yon eleman ki te ka favorize enplemantasyon tout Ajanda 2030 lan tou.
- 6- Nan sikonstans sa yo, nou vle fè tout moun konnen reyalizasyon dwa moun pou yo jwenn EJG a ap mande pou Gouvènman nasyonal ak Gouvènman lokal yo demontre bon jan volonte politik pou yo konstwi modèl edikasyon sa a kòm yon pati nan politik piblik ak ajanda piblik yo bay priyorite yo, sou baz apwòch ki fè dwa moun ak dwa natirèl yo pase

anvan tout lòt konsiderasyon, menm jan ak koze rapò san fòskote ant fanm ak gason an, kesyon divèsite kiltirèl ak makònay kiltirèl la. Kon sa tou, yo dew kosidere EJFG a kòm yon mwayen pou ranfòse kapasite moun, òganizasyon ak kominote yo pou yo ka jwe wòl defansè ansanm dwa yo.

PWOPOZISYON POU VIN GEN Lòt KONPREYANSYON SOU EJG A

NAN MOMAN KRIZ AK MOMAN EPIDEMI MONDYAL LA TABLI BAZ POU YON EJG K AP PÈMÈT LAVI MIYÒ BLAYI A.

- 7- Nan peryòd kriz sivilizasyon sa a ki gen konsekans sou lavi a, se pa lavi moun ki an danje sèlman, men li menase tou sa ki gen lavi sou tè a e sa mande nou repanse edikasyon an epi pou nou pwodui yon lòt modèl edikasyon. Lòt pwopozisyon altènatif la se genyen yon EJG kote moun ap byen viv e k ap ede moun byen viv, ki chita sou bon jan prensip filozofik ansanm ak bon jan konsèp ak metodoloji e k ap ede nou regle yon bann pwoblèm teyorik tout pandan li makònen ak bon jan pratik tou. Se pou nou rive gen yon EJG ki ap devlope yon fòmasyon entegral/ yon fòmasyon total kapital ki ap fè pwomosyon pou yon ekilib ant idantite, afektivite, esprityalite ak sibjektivite moun yo ak kominote yo nan lide pou yo rive jwenn ak jwi ansanm byen vizib ak byen envizib yo, pou yo kontinye devlope yon relasyon amoni avèk Manman nou Latè epi pou gen vivansanm nan mitan tout kominote kote moun rete.
- 8- N ap fè pledwaye pou yon EJG ki popilè, yon bon kalite EJG, yon EJG ki gratis, ki layik, ki pase men pran tout moun, ki ka transfòme epi ki ka ede nou jere tout vye menas kolonyal, menas seksis, menas modèl sosyete ki leve gason anlè a ansanm ak menas rasis yo. Pou kòlte ak apwòch ki ta fè yo pran EJG a kòm yon remèd oubyen yon sipò a, se pou nou gen yon EJG ki chita sou yon nivo kalite ki pase men pran lakilti ak kesyon sosyal yo. Avèk volonte pou privatize edikasyon an k ap vale teren an, nou dwe defann dwa moun pou yo jwenn EJG a gratis. Se pou nou rive ale pi lwen pase vizyon pouvwa dominan yo pou nou rive nan konsepsyon yon EJG ki dirab e ki ap valorize koze edikasyon an toutbon apati divès fòm espresyon yo.
- 9- Nan tan sa yo la a kote gen motivasyon pou moun rapousuiv etid yo, sitou bò kote moun ki gen plis kenz (15) lane yo, kote vin gen gran chanjman k ap fèt lakay yo e yo vle ale pi lwen pase sa fòmasyon akademik la ka ba yo a, priyorite EJG a vin genyen nan kad edikasyon kominotè a, edikasyon kontini an, edikasyon san rete ak edikasyon popilè a gen pou wè ak divès domèn kote lòm bezwen devlope aktivite l yo, rekonsidere pwosesis kontinuite a kòm baz reyalyasyon sa l genuen kòm objektif yo. EJG a a dwe makònen ak kondisyon lavi òganizasyon yo pou yo devlope estrateji edikatif ki ka bay rezilta e angajman sa a ki mache men nan men ak devlopman mouvman popilè yo ansanm ak pwosesis pou regle pwoblèm opresyon an. Nan sans sa a, EJG a dwe sispann konsantre sou edikasyon fòmèl la epi pou l fè edikasyon nonfòmèl ak edikasyon popilè a pase an premye, li dwe fè pwomosyon pou konstriksyon sosyal savwa ak konesans lan nan kad

kominote yo e k ap ankouraje rankont ant kilti yo, rankont ant jenerasyon yo ak rankont ant divès sektè yo.

10- Nouvo konpreyansyon pou nou genyen konsènan EJG a mande pou nou wè moun –gason kou fanm – kòm sijè edikasyon ak kòm sijè listwa nan sans moral/etik la, ki gen idantite e kòm kreyatè lakilti, kòm pansè savwa, konesans ak ansanm refleksyon espesyal ak refleksyon fondamantal yo. Konpreyansyon sa a mande pou wè moun – fanm kou gason– kòm sila ki gen pouvwa pou li reyalize kèk chanjman ijan, kèk chanjman nesèsè pou n rive bati yon sosyete ki pi jis .

REKÒMANDASYON/PWOPOZISYON

11- Nan respè prensip edikasyon pou lavi diran an, gouvènman yo dwe rekonèt edikasyon pandan tout lavi a ak pou tout kalte kouch moun nan popilasyon an kòm yon dwa moun e pou yo garanti jwisans dwa sa yo atravè poolitik piblik yo, nan kad enstitisyon yo ak nan mobilizasyon yon seri resous valab.

12- Alfabetizasyon an ki dwe fèt sou baz kòmansman ak kontinuite etid yo, espesyalman nan avantaj popilasyon moun k ap viv nan sektè ki pi fèb yo nan tan kounye a, egzije pou:

a) Konstwi yon vizyon edikatif ak yon òf edikatif lajmanlaj ak varye ki pou garanti posiblite pou moun yo kontinye etidye nan tout nivo ak nan tout branch nan sistèm edikasyon an, nan lide pou nou rive depase lide alfabetizasyon tradisyonèl la;

an)Rekonèt ak valide divès aprantisaj k ap fèt nan lvi toulejou yo;

b)Devlope ansanm pwosesis edikatif yo apati kilti matènèl ak lang matènèl la ;

ch)Gen yon pi bon lyen ant fòm lavi moun yo ak fòm lavi kominote yo ki fè pati yon pwosesis alfabetizasyon, epesyalman nan sa ki gen rapò ak sektè aktivite pwodiksyon ak sektè aktivite kiltirèl yo ;

d)Sèvi ak nouvo teknoloji yo ansanm ak alfabetizasyon dijital la nan kad pwosesis edikasyon yo epi fè sa sou baz bon jan refleksyon ak kritik.

13- Rekonèt ansanm defi ki parèt la a nan kontèks jounen jodi a ansanm ak bann konsekans epidemi mondyal la genyen sou lavi toulejou limanite a mande nou vini ak lide pou nou repanse EJG a yon lòt jan sou baz prensip ki vin ann apre yo :

a) Yon EJG pou konsève lavi. Yon edikasyon pou gen bon jan amoni ant : moun ak kominote yo- manman nou Latè, nan lide pou nou ka jwi lasante epi pou n viv alèz nètalkole, pou patisipe nan konstriksyon yon sosyete ki rezilyan e ki an mezi ede nan konsèvasyon tou sa ki vivan ;

an) Yon EJG ki gen pouvwa libere ak transfòmè. Edikasyon kòm yon pati nan mouvman sosyal ak mouvman popilè yo e ki tounen yon fòm estrateji ak pwojè ki gen yon kote politik ak yon kote edikatif, ki ka pèmèt moun yo ak kominote yo tounen yon seri sijè

aktif ki angaje nan pwòp transfòmasyon y ap viv sou planèt la. Edikasyon pou yon sosyete san okenn diskriminasyon, inegalite ak esklizyon.

b) Yon EJG kominotè ak demokratik. Edikasyon pou yon vivansanm, pou demokrasi patisipatif ak pou patisipasyon kominotè a kòm yon pwosesis pou n gen yon seri peyi ki chita sou demokrasi. Edikasyon kòm baz jistis sosyal ak dwa politik, dwa sosyal, dwa kiltirèl, dwa ekonomik ak dwa anviwònman tout moun, tout pèp ak lanati genyen yo. Edikasyon ki garanti dwa moun pou yo jwenn ak jwi ansanm savwa ak konesans limanite posede yo, menm jan ak lasyans epi pou yo an mezi sèvi avè yo nan avantaj tout moun. Edikasyon ki dwe chita sou bon jan pedagoji kritik ak sou dyalòg kiltirèl pou yon sitwayènte global, pou defans dwa yo, lapè ak byen tout moun genyen ansanm yo nan kay ki pou nou tout la.

ch) Yon EJG ki chita sou kilti chak kominote e ki makònen plizyè kilti ansanm. Edikasyon k ap ankouraje moun montre sa yo ye, k ap kore savwa sosyokominotè, konesans sosyokominotè ak valè sosyokominotè yo e ki an mezi ede nan afimasyon idantite kiltirèl yo. Edikasyon pou pèmèt kilti yo rankontre pou yo rive depase inegalite ki soti nan sistèm kolonyalis ak mantalite kolonyal la, pou n ka tabli yon dyalòg ant kilti yo epi pou nou fè savwa nou ranmase ansanm yo vin gen plis valè toujou.

d) Yon EJG varye, pliriyèl ak enklizif. Yon edikasyon san rete ki konsidere kontèks jewografik, kontèks sosyal, kontèks kiltirèl ak kontèks lengwistik la apati rekonesans ak valorizasyon tout kalte fòm koze divèsite a ak koze enklizyon an kapab genyen yo.

14- Devlope bon jan kalite EJG ki makònen ak lakilti e ki gen bon jan itilite sosyal enpòtan, tankou:

a) Yon fòmasyon entegral k ap devlope tout dimansyon lakay lòm nan ansanm ak bon jan rapò vivansanm ak relasyon amoni ki dwe egziste ant li menm, kominote a ak mnaman nou Latè;

an) Konsepsyon ak devlopman divès kourikoulòm ak pwosesis metodolojik/pedagojik ki rekonèt tout sa EJG a genyen kòm karakteristik espesyal;

b) Konsepsyon ak elaborasyon materyèl edikatif nan lang matènèl la ki tradui sa pèp yo genyen kòm divèsite kiltirèl gras a reyalizasyon yon seri aksyon ki rasanble plizyè kilti e ki fèt ak patisipasyon plizyè sektè tou.

ch) Reyalizasyon bon kalite fòmasyon pou edikatè yo – fanm kou gason – ki fèt sou baz pratik.

d) Itilizasyon de (2) modalite yo : modalite prezansyèl la ak modalite dijital la (NTK yo) yon manyè pou youn konplete lòt, sou baz yon apwòch ki konsidere IV^{yèm} Revolisyon Endidstriyèl la ki makònen ak tandans privatizasyon an sere sere.

e)Konstwi yon EJG, kit se nan kote fòmèl li, kit se nan kote nonfòmèl li, kòm yon sistèm ki rasanble plizyè sosusistèm edikasyon nan peyi yo, nan ranfòse estrikti jesyon etatik sou yon baz yerachik, yon manyè pou yo byen fè suivi pwosesis fòmasyon EJG a nan tout nivo ak nan tout domèn dapre nesosite ak swaf divès gwoup sosyal, gwoup kiltirèl, gwoup laj ak gwoup pwodiksyon yo; yon modèl EJG ki valide, rekonèt ak reprann esperyans edikasyon jenn ak granmoun yo ranmase kad jefò pou yo devlope tout kalte òganizasyon sosyal ak òganizasyon kominotè, tout kalte òganizasyon ki pa sou kont gouvènman ak òganizasyon Leta, yon ansanm òganizasyon ki an mezi garanti fonksyonman EJG a san mank, apati yon seri politik piblik, politik enstitisyonèl, estrikti òganizasyonèl ak bon jan resous nesèsè dapre makfabrik ak nati domèn edikasyon an.

16- Nan konsidere sa EJG a genyen kòm wòl, enpòtans ak opòtinite, fè tout posib pou mete resous lajan nesèsè ki dwe pèmèt modalite a vin transparan, efikas ak efisyan.

17- Nan lide pou nou evite gen plis inegalite ankò pase sa epidemi mondyal la lakoz yo, Leta peyi yo dwe pran tout dispozisyon pou yo :

a) Pwodui politik epi jwenn mwayen nesèsè k ap garanti finansman pou pèmèt tout edikatè ak pwofesè EJG yo – fanm kou gason – gen posiblite itilize entènèt la san wete san mete gras a pwòp platfòm vityèl yo e ki tou louvri pou yo garanti dwa grandètmajè sektè edikasyon an pou li sèvi ak zouti teknoloji yo, kòm yon dwa e pa kòm yon machandiz ; e sa dwe fèt yon manyè pou ka diminye gwo inegalite ki genyen sou plan nimerik la, e ki youn nan pwèn ki demontre divès gwo inegalite ak esklizyon ki genyen nan sousektè EJG a.

an) Devlope pwogram kantin, sante kominotè ak èd pou devlopman pèsonèl elèv EJG yo.

b) Devlope pwogram ki makònen plizyè sektè nan benefis popilasyon moun ki nan kondisyon ki pi difisil yo, tankou : medam yo, migran yo, popilasyon moun andeyò yo, endijèn/otoktòn, afwodesandan yo, moun ki pa ka fè tout mouvman ak kò yo, moun ki fèmèn nan prizon yo, moun LGBT yo ansanm ak granmoun ki gen laj yo.

18- Pran dispozisyon pou resous nasyonal yo ak resous koperasyon entènasyonal pou plan, pwojè ak pwogram EJG yo sou baz kesyon relasyon fanm ak gason nan sosyete a ak rekonesans sa moun yo genyen kòm divèsite, al sèvi pou devlopman yon seri politik aksyon pozitif ansanm ak finansamn rechèch k ap demontre ki pi piti bidjè oubbyen kou ekonomik ki ka pèmèt majorite moun nan popilasyon yo jwenn nivo edikasyon debaz la.

19- Rekonèt ak valide divès domèn ak nivo ki genyen nan EJG a, tankou : savwa yo, konesans yo ansanm ak esperyans jenn ak granmoun yo devlope nan lavi toulejou yo.

20- Mete yon Obsèvatwa sou EJK nan Amerik Latin ak Karayib la sou pye pou ranmase enfòmasyon sistematik ak enfòmasyon aktyalize, ki chita sou yon seri endikatè solid ak yon pwosesis pou rann kont sou divès angajman ki te rezilta plizyè antant aak akò nasyonal kou antant ak akò entènasyonal, espesyalman sou angajman ki konsène finansman ak jesyon kourikoulòm –ki makònen ak aksyon Leta yo- Sosyete sivil la e ki garanti posiblite pou gen yon pledwaye total kapital, yon suivi ak kontwòl sosyal epi pou fasilite pataj esperyans ak objektif ant peyi ak rejyon yo.

21- Kreyasyon ak devlopman sistèm evalyasyon sousistèm Edikasyon Jenn ak Granmoun (EJK) nan.

22- Ranfòse rezo Latinowameriken ak Karayibeyen rechèch ak sistematizasyon esperyans edikatif sou dwa moun pou yo jwenn EJK a nan objektif pou pwodui ak sosyalize divès konesans ak pratik ki pi enteresan yo e ki rekonèt ak valorize konesans ak esperyans kominote ak òganizasyon sosyete sivil yo ranmase .

KANPE SOU TEYORI, KITE AKSYON AK PRATIK PALE

23- An jenral, nou konstate tout peyi nan Amreik Latin nan siyen ansanm akò entènasyonal yo epi yo adopte ansanm nòm entènasyonal yo ak politik ki dèyè garanti dwa moun pou yo jwenn EJK a (Ajanda 2030 lan, CONFITEA VII la, Konvansyon 169 Biwo Entènasyonal Travay la, ansanm lwa nasyon sou edikasyon yo ak lòt ankò) men, jefò yo fè pou yo reponn egzijans ki genyen nan akò sa yo piti anpil, e se pou rezon sa yo ki fè nou deklare : li pa ase pou yo annik dakò rekonèt kad aksyon sa yo , apre sa pou pa yo fè sa k nesèsè pou fè yo tounen reyalite nan pratik la. Kon sa, nou pwopoze :

a) Pwodui yon kilti patisipasyon sosyal/patisipasyon kominotè ki gen pou wè ak politik, plan ak evlyasyon, menm jan ak kesyon rann kont lan sou baz patisipasyon aktè edikasyon, aktè sosyal, aktè popilè, òganizasyon pwofesè ak òganizasyon kominotè yo.

an) Devlope kapasite pou defansè dwa moun yo pou yo jwenn edikasyon an nan nivo ògasnizasyon edikatif yo, òganizasyon sosyal yo ak òganizasyon popilè yo

b) Fè Kad Aksyon CONFITEA VII la antre nan ansanm objektif ki nan Ajanda 2030/ODD 4.

c) Kreye espas dyalòg sosyal/dyalòg etatik pou analize sistiyasyon an ak prepare pwopozisyon politik ak aksyon ki ale nan sans respè angajman ki genyen nan akò nasyonal kou akò entènasyonal sou dwa moun pou yo jwenn EJK a.

ch) Tabli yon espas makònay tout aksyon k ap reyalize nan kad pwosesis CONFITEA VII la jouk nou rive nan adopsyon yon ansanm zouti jiridik espesyal ki gen fòs lalwa

ansanm ak kèk zouti suivi sou respè dwa moun pou yo jwenn EJG a.tankou
kreyasyon pòs rapòtè espesyal la.